

# PWOGRAM ABCD FOOD POP-UPS

## Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ)

### Kòman mwen kapab resevwa manje?

Ou kapab resevwa manje yon fwa pa mwa pandan peryòd enskripsyon w lan nan lokal Pop-Up ou chwazi a, pandan yon aktivite Pop-Up.

### Kòman pou m enskri pou Pop-Ups yo?

W ap enskri pou pwogram Pop-Ups pandan peryòd Enskripsyon an pandan w ap rele oswa voye imèl bay Ekip Food Pop-Ups la. Ou aktyèlman enskri nan Pwogram nan. Nou p ap aksepte re-enskripsyon nan moman sa la.

### Ki kondisyon ki genyen pou elijib pou pwogram sa a?

Pou w kapab elijib pou pwogram sa a, ou dwe se yon rezidan swa Boston, Medford, Everett, Belmont, Newton oswa Winchester. Revni apwoksimatif fanmi anyèl ou dwe enferyè a 80% nan Revni Mwayèn pou Zòn nan.

Pou yon fanmi ki konpoze de 1 moun, revni anyèl fanmi an dwe enferyè a \$67,400

Pou yon fanmi ki konpoze de 2 moun, revni anyèl fanmi an dwe enferyè a \$77,000

Pou yon fanmi ki konpoze de 3 moun, revni anyèl fanmi an dwe enferyè a \$86,650

Pou yon fanmi ki konpoze de 4 moun, revni anyèl fanmi an dwe enferyè a \$96,250

Pou yon fanmi ki konpoze de 5 moun, revni anyèl fanmi an dwe enferyè a \$103,950

### Kilè aktivite Pop-Up ap fèt?

Aktivite Food Pop-Up fèt yon fwa pa mwa nan lokal Pop-Up yo chwazi pou ou a pandan yon fenèt tan. Lokal la, orè ansanm ak fenèt tan endike nan orè ki nan paj 5 lan. Ekip Food Pop-Ups la pral ba w rapèl sou chak aktivite Pop-Up avan yo fè li. Tanpri, kontakte Ekip nenpòt lè pou mande enfòmasyon.

### Nan ki lokal Pop-Up mwen kapab ale?

Ou ka ale sèlman nan yon lokal Pop-Up yo chwazi pou ou, yon fwa pa mwa, pandan peryòd enskripsyon w lan. Si w dwe chanje lokal ou a, tanpri, kontakte Ekip Food Pop-Up la. Nou pral fè tou sa n kapab pou satisfè demann ou an.

### Ki kantite manje m pral resevwa chak mwa?

Ou pral resevwa plizyè sachè pwovizyon chak mwa.

### Èske m pral bezwen vini ak sachè pa m pou pote manje a?

Nou kontan bay sachè ou bezwen an pou w kapab pote pwodui alimantè w chwazi yo lakay ou. Sepandan, si ou pi pito vini ak pwòp sachè pa w sot lakay ou, nou kontan ranpli yo pou ou tou!

### Èske m dwe vini ak yon bagay pou ede m pote manje a?

Nou rekòmande w itilize yon charyo manyèl, oswa yon lòt veyikil pou Pop-Ups yo! Tanpri planifye pou sa. Pop-Ups yo pa asire livrezon oswa transpò manje andeyò sit la.

### Mwen genyen yon zannimo domestik lakay mwen ki bezwen manje tou. Èske pwogram sa ka asiste m?

Nou kontan di ke nan lokal Mattapan ak East Boston nou yo, kounye a, nou fè patenarya ak Animal Rescue League of Boston pou bay moun ki gen zannimo domestik yo manje pou chen ak chat yo. Pral genyen yon reprezantan sou sit la pou ede kliyan yo avèk manje. Tanpri, sonje ke nou sèvi tou prensip premye moun ki vini an se li menm k ap jwenn sèvis avan an pwiske founiti yo limite.

### Èske Pwogram ou an ofri livrezon manje?

Mobile Food Pop-Ups pa ofri sèvis livrezon. Si w andikap, ou gen plis pase 55 lane, epi w se yon rezidan nan Boston, Medford, Everett, Belmont, Newton oswa Winchester, ou ka elijib pou Pwogram Livrezon Manje nou an.

Pou w kapab konnen si pwogram nan ap aksepte nouvo kliyan aktyèlman ak pou w detèmine si w elijib, tanpri, ale sou sitwèb pwogram yo oswa kontakte yo nan nimewo telefòn yo:

Telefòn: 617.348.6222 (Lendi jiska Vandredi 9:00 AM - 5:00 PM)

Sitwèb: [bostonabcd.org/fooddelivery](http://bostonabcd.org/fooddelivery)

## **Èske yo pral akomode restriksyon dyetetik mwen yo?**

Ou pral gen pou chwazi manje w ta renmen pami sa nou genyen ki disponib yo nan aktivite Pop-Up yo. Ou pral kapab chwazi kisa k ap plis apwopriye ak bezwen ak preferans alimantè w yo.

## **Ki tip manje ki nan kòmann lan?**

Yon pakèt pwodui lokal pa sezón, divès kalite vyann ak pwodui sèk pral disponib pou w kapab chwazi ladan yo. Tanpri, fè Ekip Pops-Up la konnen si w gen kèk sijesyon sou manje ki disponib la. Nou pral fè tout sa n kapab pou n satisfè sijesyon w yo nan pwochen kòmann manje yo.

## **Èske m kapab chwazi ki manje pou m resevwa?**

Wi! Ou kapab epi nou ankouraje w chwazi manje ke ou menm ak fanmi w ta renmen an nan sa nou genyen ki disponib yo nan aktivite Pop-Up chak mwa a.

## **Kisa m dwe konnen avan m ale nan yon Pop-Up?**

W ap sèlman gen pou verifye orè a epi w vini nan lokal pandan lè yo prevwa pou evènman an. W ap resevwa yon rapèl byen avan aktivite swa pa tèks, imèl oswa toude. Depi w fin rive, w ap siyen epi avanse pou chwazi manje w la. Nou ankouraje w pote yon pyès Idantite pou Ekip la kapab konsilte dosye enskripsyon w lan byen fasil epi pou yo enskri w.

## **Èske yon lòt moun kapab pasechèche manje a pou mwen?**

Wi, yon zanmi oswa yon manm fanmi kapab patisipe nan Pop-Up pou yo pasechèche manje a pou ou. Moun k ap pasechèche manje a pral gen pou l bay non w lè l ap enskri epi nou ankouraje l prezante pyès Idantite w.

## **Kijan pwogram sa fonksyone?**

Yon Food Pop-Up tipik kòmanse nan Food Hub nou an nan Brighton. Ekip ABCD a ansanm ak volontè nou yo mete manje a nan kamyonèt nou yo nan maten distribisyón an epi ale nan lokal ki deziyen pou Pop-Up la.

Lè w rive nan Pop-Up la, nou enstale nou nan yon estil makèt ki gen yon tab pou siyen ak tab pou manje. Ou kapab jwenn nou lè w rive nan adrès aktivite a epi w ap pasechèche Kamyonèt ABCD blan an ak/oswa siy ABCD Food Pop-UPS la. Pandan fenèt distribisyón an, w ap senpman enskri epi pasechèche manje ou ta renmen an pou mwa a.

Pandan w ap pase sou tab manje yo, ou kapab chwazi pami divès kalite vyann, lèt ki pa pwodui letye, pwodui pa sezón ki nou genyen ann estòk pandan jounen Pop-Up la ansanm ak divès kalite pwodui sèk. Ou kapab di patisipan an ki manje w ta renmen epi manm ekip nou yo pral ranpli sachè w yo avèk manje w chwazi yo.

## **Kisa pou m fè si m pral rate yon Pop-Up oswa w pa kapab patisipe?**

Si w pa kapab patisipe oswa pral rate yon aktivite Pop-Up, tanpri, kontakte ekip ABCD Food Pop-Up yo byen avan aktivite a. Si w pa kapab patisipe, nou ankouraje w fè yon zanmi oswa yon manm fanmi vini nan aktivite a pou ou. Nou pa kapab garanti ke w pral resevwa manje nan aktivite pou mwa si manje a pa disponib pou pasechèche pandan aktivite pou mwa a.

## **Kisa k ap pase si yon aktivite Pop-Up pa kapab rive fèt nan dat ki pwogramme a?**

Aktivite Pop-Up yo fèt nan espas anndan pou nou kapab fonksyone menm si gen lapli oswa nèj. Sepandan, si gen move tan oswa lòt pwoblèm, nou ka gen pou n anile oswa repwogramme yon aktivite Pop-Up. Nan ka sa a, nou pral fè tout sa n kapab pou n repwogramme ak bay manje pou mwa a, malgre nou pa kapab garanti sèvis la nan sikonstans sa yo.

## **Kiyès pou m kontakte si m gen nenpòt kesyon, kòmantè oswa enkyetid?**

Tanpri, rele liy telefòn dirèk ABCD Food Pop-Ups la nan 617.208.8677 oswa voye imèl bay mobilefood@bostonabcd.org.

## **Èske ou ka bay sèvis nan plizyè lang?**

Wi, nou kapab bay sèvis nan plizyè lang. Nou itilize yon sèvis tradiksyon pa telefòn epi nou ka genyen manm anplwayeoswa volontè ki kapab kominiye nan plizyè lang. Si w rele Ekip Food Pop-Ups la, nou kapab fè yon apèl konferans avèk ou, yon manm ekip Food Pop-Ups ansanm ak yon tradiktè pou ede w. Si w bezwen yon lang espesifik, tanpri, fè ekip Food Pop-Ups la konnen epi nou pral fè tout sa n kapab pou n akomode demann ou an.

## **Si m ta renmen yo retire m nan pwogram nan kisa pou m fè?**

Tanpri, rele liy dirèk telefòn pwogram ABCD Food Pop-Ups la nan nimewo 617.208.8677 oswa voye imèl la nan mobilefood@bostonabcd.org. Yon manm ekip pral ede ou.

## **Ki kote m ka jwenn Mizajou konsènan lokal, dat ak lè Food Pop-Ups yo?**

Ou kapab verifye orè ki endike nan pakè sa oswa verifye Kalandriye Mobile Foods la sou sitwèb nou an pou w kapab jwenn Mizajou sou dat ak lokal yo. Ou kapab antre sou sitwèb nou an nan [bostonabcd.org/foodpopups](http://bostonabcd.org/foodpopups).

Ou kapab swiv nou tou sou instagram @abcdBoston pou jwenn notifikasyon sou pwogram yo, chanjman lokal yo, ak sou aktivite yo anile yo.

Ou kapab rele nou nan 617.208.8677 oswa voye imèl ban nou nan [mobilefood@bostonabcd.org](mailto:mobilefood@bostonabcd.org)

## **E si m ap bezwen jwenn nenpòt lòt pwogram ak sèvis anplis?**

Si w bezwen asistans avèk nenpòt bagay andeyò pwogram nan, tanpri, pa ezite rele ABCD Connect nan 617.348.6329 oswa voye imèl nan [abcdconnect@bostonabcd.org](mailto:abcdconnect@bostonabcd.org).

## **Kisa k ap rive ak rès manje ki pa itilize nan Food Pop-Up la?**

Nou kontan pou nou di ke pifò manje yo jije ki pa bon pou manje yo fèt nan tout mezi sekirite pou nou kaminimize dechè manje a. Yo jeneralman redistribye nenpòt manje ki rete, ke moun kapab manje, men ki pa rete pou pwochen pop-up la bay lòt pwogram manje yo ak/oswa gwoup kominotè yo.

## **Èske li ta posib pou m sèvi kòm volontè nan Food Pop-Ups yo?**

Nou toujou apresye èd! Si w enterese ede nou ak Food Pop-Ups yo, pa ezite kontakte nou atravè imèl nou an, oswa telefòn!

Imèl nou se [mobilefood@bostonabcd.org](mailto:mobilefood@bostonabcd.org)

Nimewo telefòn nou an se : 617.208.8677